

SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

Biyè – Antoloji Kritik Pwezi Kreyòl

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouyouj)
Powèt / Kritik literè

Anvan lontan, «Antoloji Kritik Pwezi Kreyòl» ap vin yon reyalyte. Nan antoloji sa a, Sosyete Koukouy louvri pòt li byen laj epi li resevwa zèw powèt li yo ansanm avèk zèw lòt powèt ki pote nouvote nan pwezi kreyòl Ayiti a. Prensipal fòs antoloji sa a, se travay kritik ki fèt sou zèw powèt, otè liv sa a chwazi yo.

Yon travay literè ki ap evolue lwen yon panse kritik, se tankou moun ki abiye byen bwòdè epi ki rete barikade anndan kò kay yo. Pyès moun pa vrèman genyen yon okazyon pou yo di yo bèl, pou yo apresye bote sila a, oswa pou yo di yo: ranje kò pi plis toujou, pase yon kouch poud, fèt atansyon koulè yo depaman, elatriye. Travay kritik otè antoloji sila a anndan liv la se koutpous, ki pèmèt tout moun apresye zèw sila yo pi plis toujou.

Nan Antoloji Kritik Pwezi Kreyòl, nou pote juisans pou lektè yo. Chak pa otè antoloji a fè avèk zèw yo analize yo, se yon etap yo franchi avèk lektè yo pou ede yo dekouvri mèvyè literè atisplim ki genyen zèw yo anndan Antoloji a.

Nan antoloji sila a, nou ap jwenn zèw ki pran lari depi nan ane 1950 yo jouk rive nan ane 2024. Antoloji kritik Sosyete Koukouy pral pibliye a se yon okazyon pou lektè yo apresye fòs kreyativite powèt ki ap emèveye nou apati nouvote yo pote nan pwezi kreyòl la. Pami nouvote sa yo, nou kapab site kreyasyon yon fòm pwezi ki rele: Pwezi marasa twa. Genyen pwezi anwoule, pwezi wongòl. Genyen tou tèks ki pran yon apwòch sikososal. Se yon fason pou powèt la kòlte avèk reyalyte sosyal yo epi montre lektè a pisans divès fòs li pote anndan li pou li donnen mèvyè.

Nan Antoloji Kritik Pwezi kreyòl I, Sosyete Koukouy krewe yon plas espesyal pou enstitisyon ki toujou kanpe dyanm apati aksyon yo, travay yo, militans yo, pasyon yo pou avansman kolektivite a pandan yo bay lang kreyòl zèl pou li vole pi wo chak jou ki jou.

Genyen plizyè lòt liv antoloji ki konsidere travay powèt ki ekri nan lang kreyòl Ayiti a. Sepandan, aspè analiz kritik la poko janm parèt anndan zèw sa yo. Se defi sa a menm nou ap leve anndan Sosyete Koukouy avèk antoloji nou an ki rele: Antoloji Kritik Pwezi Kreyòl. Nan antoloji sa a, ki pare pou li sòti, Sosyete Koukouy rasanble yon koleksyon tèks pwezi ki akonpaye avèk analiz epi kòmantè. Kontrèman ak yon antoloji klasik, ki rasanble zèw selon yon tèm, yon epòk oswa yon otè, antoloji kritik Sosyete Koukouy la ale pi lwen. Li ajoute refleksyon sou tèks yo. Li ede lektè yo konprann zèw yo plis an pwofondè.

Lè ou ap li antoloji kritik sila a, ou ap rive devlope yon lòt pèsepsyon sou travay powèt yo. Ou ka wè kijan kritik yo varye selon epòk yo apati teknik moun ki analize zèw la itilize. Olye ou li plizyè liv pou yon fouye yon sijè, antoloji kritik sa a rasanble anndan menm liv la plizyè lide selon koudèy kritik chak otè ki travay pou yo rasanble zèw yo ansanm.

Kalite antoloji sa a ap ede ou fè lyen ant literati ak sosyete. Lè w li kòmantè kritik yo, ou ka pi byen konprann fason yon zèw reflète epòk li, fòs tansyon ki ap deplòtonnen anndan zèw la nan epòk otè a te ekri li a. Divès analiz ki fèt anndan Antoloji Kritik Pwezi Kreyòl ap ede w wè enpak tèks yo sou kilti peyi a ansanm ak dewoulman lavi anndan sosyete a.

Yon antoloji literè ki pote anndan li yon mak kritik se yon zouti esansyèl pou ou fouye plis koze ki ekri anndan divès rekèy pwezi sila yo. Se va yon okazyon tou pou ou dekouvri divès fason ou kapab entèprete yon zèw. Antoloji sila a ap yon okazyon pou ou mete tèks yo kanpe nan lespri ou selon yon pèspèktiv ki pètèt pa ta janm sityèt lespri ou. Chak analiz ap pote yon okazyon pou ou reflechi pi fon sou divès zèw ki anndan antoloji a.

Pawòl la di: sèl pa vante tèt li di li sale, ebyen zanmi prepare w pou ou resevwa avèk yon lespri ouvè « Antoloji Kritik Pwezi Kreyòl » pandan ane 2025 lan. Gaye nou vèl la patou. Ou pa pe regrè

Mwa Istwa Nwa yo

Otè : Henri-Robert Durandisse
Ekriyen / Powèt

Yon nouvo ane rive ankò. Yon lòt mwa pase, men oumenm, ou retounen. Ou pa senpman yon lòt mwa sou kalandriye. Ou se batman kè nasyon nou yo. Ou sonnen tankou tanbou ki leve memwa pèp ki sibi esklavaj, ki viv kolonizasyon, ki soufri, men ki refize disparèt. Ou se pawòl zansèt nou yo, eritaj sakre nou pa dwe janm bliye. Ou pote sou do w tout masak nou sibi, tout lanmò nou wè, tout trayizon nou sipòte. Ou mache ak doulè Toussaint epi Desalines, ou leve vwa w mil fwa. Ou se flanm dife sou lalin, limyè solèy ki ap leve nan tout espwa nou te pèdi.

Chak ane ou rantrè lakay nou. Ou chita nan kay chak fanmi, ou dyalòg avèk chak timoun, ou ouvè pòt sou memwa nou. Ou fè nou sonje kote nou soti. Ou mete nou fas ak reyalyte nou te vle bliye. Ou kraze ilizyon nou lib pandan nou ap viv ak chenn envizib. Ou montre nou nouri lespwa nou nan goumen pou nou reyalyze rèv nou. Ou raple nou non tout moun ki leve kanpe ak men vid men avèk kè yo chaje lespwa.

Ou sonje Toussaint Louverture, estratej ki mennen pèp li sou chemen libète. Moun te panse yo t ap ka fè li tounen esklav ankò, men li te di akèl: "En me renversant, on n'a abattu que le tronc de l'arbre de la liberté des Noirs ; il

repoussera par ses racines parce qu'elles sont profondes et nombreuses." Toussaint te konnen libète se pa bay yo bay sa. Se pran yo pran li. Ou sonje Jean-Jacques Dessalines, zansèt ki pa te pè di pawòl sa yo: "Liberté ou la mort!" Se li ki te mete dènye kout rach la sou sistèm esklavajis la. Li kase chenn yo san gade dèyè. Li te konnen libète pa negosye yo negosye sa, se ak san ou pou ou genyen batay.

Ou sonje Ayiti ki bay tèt li non, ki leve flanm revolusyon pou lemond. Ou sonje Kiba ki kenbe prensip, Malcolm X ki batay ak pawòl, Martin Luther King ki reve, Thomas Sankara ki te vle wè Lafrik kanpe, Rosa Parks ki te refize bay plas li nan yon otobis piblik, Patrice Lumumba ki te mouri men ki pa janm disparèt. Ou sonje tout lòt ki kriye, ki goumen, ki desann, ki tonbe, men ki pa janm pèdi lavi yo paske verite pa mouri.

Ou se memwa ki di nou, nou gen valè. Ou se limyè ki raple nou nou gen rasin. Ou se tanbou ki di nou, sa ou gen pou di m lan di m li la a. Ou se van ki soufle nan do nou, ki di nou kanpe, ki di nou mache, ki di nou leve, ki di nou kwè. Ou raple nou libète pa bay kòm kado, lespwa egzije konba, verite mande kouraj.

Nou chante non ou, nou bat tanbou pou ou, nou danse sou san sa ki mouri, nou leve men nou ak pwen nou fèmèn pou tout sa ki goumen. Nou limen flanm lanp etènèl pou sila yo ki pèdi lavi yo. Nou kontinye rakonte istwa nou pou okenn moun pa efase li. Nou ekri verite nou pou okenn moun pa detounen li. Nou chante non nou pou okenn moun pa fè nou bliye kiyès nou ye.

Men ou, Mwa Istwa Nwa yo, ou pa dwe rete sèlman sou papye. Ou pa dwe yon tit nan liv, ou pa dwe yon bèl diskou, ou pa dwe yon seremoni ki fèt epi fini. Ou dwe rantrè pi fon nan nou. Ou dwe fonn nan kè nou, ou dwe trase vèvè pou ou montre fason nou dwe viv. Ou dwe chita nan tèt nou, leve nou chak maten, gide nou chak swa. Se paske istwa sa a, nou viv li chak jou. Nou batay pou li tout tan. Nou pèdi lavi nou. Nou kenbe tèt. Nou mete tèt ansanm. Nou pa janm sispann goumen pou li chak jou.

Ou la chak ane, men nou vle ou la chak jou. Nou pa vle ou se sèlman yon mwa, men tout vi a. Nou pa vle ou sèlman yon memwa, men yon fòs. Nou pa vle ou sèlman yon istwa, men yon revolusyon. Pou tout tan nou leve, pou tout tan nou bat tanbou, pou tout tan nou sonje, pou tout tan nou goumen, pou tout tan nou kanpe.

Paske nou se Ayiti. Paske nou se peyi Lafrik yo. Paske nou se Nwa. Nou pa pe janm efase. Nou pa pe janm pèdi. Nou pa pe janm lage. Nou se nou. Nou se lavi. Nou se lespwa. Nou se limyè ki pa ka etenn.

Mwa Istwa Nwa, nou di ou mèsi. Men, nou di ou ann kontinye. Nou salye ou nan limyè tan an. Tan nou dwe aprann tan an, jouk nou chita kòtakòt avèk tan nou genyen nan mitan tout pwomès nou fè tèt nou. Nou kenbe men ou nan batay nou. Nou viv avèk ou nan tout sa nou ye. Nou pa kanpe. Nou fenk kare kontinye goumen.

Nou se Nwa. Nou pa nwa jan rasis yo vle defini nou an. Nou se fòs yo pa ka kraze. Nou se lespwa ki pa ka disparèt. Nou se limyè ki pa ka etenn.

Kilti an jeneral se rasin idantite yon moun, yon pèp

Otè : Henri-Robert Durandisse
Powèt / Ekriyen

Kilti reprezante tout sa yon sosyete devlope kòm fason panse, viv, kominike, epi eksprime tèt li atravè tan. Se limenm ki bay pèp la idantite epi mete li nan pwòp espas pa li, kòtakòt avèk lòt nasyon. Nan kilti, nou jwenn lang, valè moral, tradisyon, atizay, kwayans ak relijyon, edikasyon, ak mòd transmisyon konesans ki kontinye defile san rete jenerasyon apre jenerasyon.

Lang se potò mitan kilti. Se mwayen ki pèmèt moun pataje panse yo, rakonte istwa yo, epi kenbe memwa kolektif yo vivan. Pou Ayisyen, kreyòl la se lanng fondas nou, fon nannan nou, ki ranmase esperyans ak imajinasyon pèp nou an. Li se lanng chak jou, lanng emosyon, lanng lespwa. Franse, menm si li domine nan espas ofisyèl, pa ka efase plas kreyòl la nan idantite ayisyen an. Chak pèp gen lanng pa li, e li sèvi ak li pou mete tradisyon li ak valè flote san rete.

Kilti pa kapab egziste san prensip ki defini sa yon pèp kwè ki bon oswa mal. Nan chak sosyete, valè moral yo chita sou respè, solidarite, onètete, ak jistis. Lidè, kit yo politik, relijye, oswa kominotè, jwe yon wòl esansyèl nan gide pèp la epi anseye li prensip ki pi enpòtan pou li yo. Nan kilti ayisyen an, respè granmoun, onore zansèt, epi met lafanmi devan se valè ki fonde relasyon sosyal yo. Men, valè yo evolue selon kondisyon tan ak epòk, kidonk, chak jenerasyon ka ajoute oswa chanje sa li panse ki enpòtan.

Yon pèp san tradisyon se tankou yon pyebwa san rasin. Se nan tradisyon nou jwenn koneksyon ak sa zansèt

nou yo kite pou nou. Fèt Gede, fèt endepandans ak soup joumou, seremoni lakou, maryaj tradisyonèl; tout sa rantrè nan eritaj ayisyen. Nou gen devwa pou nou kontinye viv yo malgre chanjman tan. Tradisyon pa limite ak seremoni; li reflète fason moun manje, abiye, danse, ak selebre lavi. Chak peyi gen koutim pa li ki pèmèt li konsève istwa li epi pase li bay jenerasyon ki ap vini yo.

Atizay se youn nan pi bèl ekspresyon kilti. Li pran plizyè fòm: penti, teyat, sinema, eskilti, ak mizik. Nan kilti ayisyen an, mizik se yon zouti ki rakonte istwa ak soufrans pèp la. Li se vwa pèp la, li chante viktya, li rakonte esperans. Soti nan Twoubadou rive nan Konpa, soti nan Vodoun rive nan Rap Kreyòl, chak jenerasyon pote orijinalite pa li, kontribisyon pa li. Atizay pèmèt moun vizyalize reyalyte yo ak rèv yo, e se youn nan eleman ki kenbe kilti a vivan.

Nan chak sosyete, relijyon ak kwayans jwe yon wòl santral. Se yo ki mete moun an fasafas ak kesyon ekzistansyèl sou lavi, sou lanmò epi sou divès piwèt noumenm moun dwe fè pou konsève yo nan mitan nou. Nan kilti ayisyen an, Vodoun se pa sèlman yon relijyon, li se yon sistèm panse ki chita sou eritaj Afriken ak lespri revolusyonè. Krisyanis, kit li Katolik oswa Pwotestan, gen enpak sou fòs pèp la, epi lòt fòm espirityalite jwenn plas yo tou. Kwayans se pa sèlman adorasyon; li se mwayen pou yon pèp konprann lemond epi bay lavi yon sans.

Kilti pa kapab rete vivan si pa li suiv kouran lavi, travèse tan pou li rive jwenn pitit tèt a jenerasyon apre jenerasyon. Edikasyon se pi gwo zouti ki pèmèt sa fèt. Li ka fòmèl, tankou lekòl, oswa li ka enfòmèl, tankou istwa granmoun rakonte, eksperyans lavi, ak tradisyon oral. Nan sosyete ayisyen an, anpil konesans pase nan chante, kont, ak literati. Yon pèp ki bliye istwa li, ki neglije edikasyon li, se yon pèp ki riske pèdi rasin li.

Kilti pa senpman yon senbòl eritaj; li se yon zouti rezistans. Nan chak tan, chak kontèks, yon pèp kapab sèvi ak li pou li defann tèt li, montre orijinalite li, epi fè lòt pèp respekte li sou sèn entènasyonal. Si yon pèp pèdi kilti li, li pèdi esans li. Se sa ki fè li enpòtan pou chak jenerasyon modle, devlope, epi transmèt kilti yo bay jenerasyon ki ap vini yo.

Kilti nou se nou, se tout sa nou fè, tout sa nou panse, tout sa nou sonje, tout sa nou reve.

KONVIKSİYON AK SERGE MADHÈRE

Si ou pa ret chita tann bondye fè pou ou
Si ou kab twouse kanson ou janbe dlo sou chemen ou
Si ou konn sa ou kab bay epi bay li ak tout fòs ou
Pa gen jou, pou ou pot kwi ou, devan pòt gran mouche

Si ou chèche konprann yè, pou ou kab konprann demen
Si ou kab louvri lespri ou, kite limyè antre
Si lè ou fin jwenn limyè, ou pa pè separe li
Gras a ou, fòk yon jou, yo pran bòt gwo mouche

Si ou kab sansib pou yon fanm, san fanm sa a pa tout ou
Si ou ka kwè nan zanmi, san zanmi pa mennen ou
Si ou ka renmen lavi san plezi pa pran nanm ou
Pa gen jou, pou ou pot kwi ou, devan pòt gwo mouche

Si ou kab yon nèg apa, epoutan ou moun tout moun
Si ou kapab moun tout moun, san tonbe nan mètdam
Si ou kapab bay direksyon, san pran pòz chèf pèsonn
Gras a ou, fòk yon jou, yo pran bòt gwo mouche

Si devan gwo lajan lòlòj ou pa vire
Si poutèt bèl ochan ou pa fin egare
Si lè jouda ap vann ou konn pou ou pa achte
Pa gen jou, pou ou pot kwi ou, devan pòt gwo mouche

Si ou kab kenbe konpa ou, lè tout moun fin fou
Si, menm lè ou nan fènwa, je ou kab rete klere
Si ou pa nèg ki bay gany, anvan batay mare
Gras a ou, fòk yon jou, yo pran bòt gwo mouche

Serge Madhère, Piti Piti Plen kay, 1984, p. 6

Mapou's Back... Visit Today

THE JEWEL OF LITTLE HAITI IS OPEN FOR BUSINESS

LIBRERIE MAPOU BOOKSTORE

MONDAY, WEDNESDAY & FRIDAY 9AM-6PM

5919 NE 2ND AVE, MIAMI, FL 33137 305.757.9922